

Mas 2017

Chè Paran ak Moun k ap Bay Swen a elèv lekòl segondè Lekòl Piblik Boston yo,

Lekòl Piblik Boston fyè pou l pran pa nan Kanpay Nasyonal “OUT for Safe Schools” (“OUT pou Lekòl Senesof”). Kanpay OUT pou Lekòl Senesof la se yon kanpay ki lanse pou asire ke elèv Lezbyèn, Omoseksyèl, Biseksyèl, Transeksyèl, “Queer” (LGBTQ), oswa ki kesyone seksyalite yo, ansanm ak fanmi yo, kapab santi ke chak kominote lekòl akeyi yo e ankadre yo.

Pou kèk jèn moun ki idantifye antanke LGBTQ, lekòl kapab yon plas ki pa ankadre yo ni bay yo valè. Nan kad nasyonal la, elèv LGBTQ yo kontinye gen pi gwo risk pou moun entimide yo, pèsekite yo, epi pou yo viktim vyolans. Elèv sa yo eksperimente pi gwo pousantaj depresyon, abi dwòg, sitistasyon sanzabri epi yo gen plis chans kite lekòl. Anviwonman yon lekòl non sèlman afekte siksè edikasyonèl elèv nou yo, men li afekte byenèt mantal yo tou. Kanpay OUT for Safe Schools la se yon strateji n ap itilize pou n fè lekòl nou yo senesof, ankourajan, epi fè yo vin yon anviwonman ki enkli TOUT elèv.

Pèsònèl lekòl yo jwe yon gran wòl nan bati kominote ki asepte elèv LGBTQ yo, epi ki fè yo santi yo sensesof. Gen rechèch ki montre gen plis chans pou elèv yo santi yo senesof lè manm pèsònèl yo fè entèvansyon lè lòt moun ap fè kòmantè negatif oswa kòmantè sou idantite elèv yo oswa sou ekspresyon sèks elèv yo, epitou sa a fè yo gen mwens anvi rate lekòl.

Lekòl Piblik Boston kontan anpil pou l patisipe nan kanpay sa a, e pou patisipasyon pa li l ap bay pèsònèl lekòl yo yon bwòch OUT for Safe Schools. Lòske yo mete yon **bwòch OUT for Safe Schools** sou yo, pèsònèl yo va montre devan je tout moun ke yo se anbasadè pou yon espas ki sensesof epitou ke yo se alye elèv sila yo ki idantifye tèt yo antanke LGBTQ ansanm ak fanmi yo. Y ap kapab refere elèv yo a resous andan, resous deyò, ak kèk lòt sipò tou.

Kanpay Nasyonal OUT for Safe Schools la se pa yon politik ni yon chanjman nan pwogram, men li met anfas sou enpòtans kreyasyon lekòl ki senesof epi ki ankourajan, ki se youn nan eleman Politik Byenèt Lekòl Piblik Boston yo (BPS). Byenke anfas kanpay la se sou jèn LGBTQ yo, efò sa a pou kreye yon anviwonman ki ankadre e ankouraje elèv yo va gen yon efè pozitif sou anviwonman an pou *tout* jenès yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte direktè lekòl ou a oswa Kenya Elisa-McLaren, Empowering Teens Through Health Grant Manager (“Fòtifye Adolesan yo Atravè Jeran Èd Finansye pou Sante”): kelisamclaren@bostonpublicschools.org.

Mèsi lefètke ou sipòte efò n pou n rann Lekòl Piblik Boston yo yon kominote lekòl ki senesof, epi ki akeyi tout elèv yo, pou asire yo kapab rive byen wo nan kapasite yo.

Sensè Salitasyon,

Tommy Chang, Ed.D., Sipèentandan
Lekòl Piblik Boston